



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE PRIDANS PISKE SISTÈM METEYO A PRAL
POTE PRESIPITASYON MIKS AK POSIBILITE POU INONDASYON AK
ANBOUTEYAJ GLAS**

Alèt inondasyon yo aktyèlman anvigè jiska vandredi pou Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral, Southern Tier, North Country ak kèk pati nan Rejyon Kapital la

Tanperati cho yo pral fè plas ak lè ki pi frèt amezi tanpèt la pote nèt nan North Country ak Lwès New York epi lapli konjele ak lapli nan pati sid yo nan Eta a

Ajans Eta a yo ap siveye potansyèl pou anbouteyaj ak glas epi pou deplwaye davans resous nan lokal ki gen tandans inonde yo

Gouvènè Kathy Hochul ankouraje Nouyòkè yo jodi a pou yo prepare pou inondasyon glas posib pandan yo prevwa tanperati pi cho, lapli ak nèt k ap fonn ka lakòz inondasyon lak, kouran dlo, rivyè ak zòn ba, ki gen tandans inonde yo jiska vandredi. Pi gwo menas nan inondasyon glas la prevwa pou jedi swa jiska vandredi pou plizyè rejyon nan nò eta a espesyalman nan Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral, Southern Tier, Mohawk Valley, North Country ak Rejyon Kapital. Plizyè ajans eta a yo ap siveye anbouteyaj glas ak fòmasyon anbouteyaj glas potansyèl atravè rejyon ki afekte yo epi ap deplwaye resous jan sa nesèsè pou redui domaj anbouteyaj glas ak inondasyon lakòz. Rezidan ki nan zòn ki vilnerab ak anbouteyaj glas ta dwe prepare kounye a ak swiv previzyon lokal yo pou kondisyon ki ajou yo.

"Ekip nou yo ap siveye kondisyon danjere yo piske yon konbinezon presipitasyon ak tanperati cho pandan de jou k ap vini yo pral fonn nèt ak lakòz potansyèl anbouteyaj glas ak inondasyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fòs Entèkansyon kont Anbouteyaj Glas nan Eta a ap veye sityasyon an depre atravè eta a epi kenbe kontak avèk gouvènman lokal yo pou ede nan nenpòt sityasyon inondasyon ak anbouteyaj glas potansyèl oswa ki egziste. Mwen ankouraje Nouyòkè yo ki nan zòn ki nòmalman inonde yo pou yo rete ajou sou sityasyon meteyo a ak pran aksyon pou pwoteje tèt yo, fanmi yo ak pwopriete yo".

Anbouteyaj glas yo ka rive lè mòso glas k ap flote yo bloke sikilasyon yon rivyè oswa kouran dlo, sa ki lakòz inondasyon nan pati anwo oswa anba. Dlo ke blokaj glas yo anpeche kapab lakòz inondasyon nan pati anwo, pandan anbouteyaj glas k ap fonn yo

akòz tanperati cho yo ka lakòz inondasyon nan pati anba tou. Inondasyon sibat ak anbouteyaj glas kapab mennen nan gwo domaj sou pwopriyete, si yo pa rezoud sa.

Gouvènman lokal yo ankouraje kontakte Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la pou asistans avèk pèmi ki nesèsè pou retire anbouteyaj glas yo. Pou demann ekipman ak lòt asistans, gouvènman lokal yo ta dwe kontakte responsab ijans nan konte yo ki trete demann yo atravè Eta a.

Yon sistèm meteyo pral ap deplase atravè eta a jodi a ak demen epi pral pote yon melanj sak nèj, lapli, glas ak gwo van ki ka lakòz potansyèl inondasyon, enpak sou vwayaj ak blakawout epapiye jiska vandredi swa. Pifò zòn yo pral wè premye tanperati cho ak gwo lapli, ki pral lakòz glas rivyè brize, answit gwo rafal van jiska 88.5 km pa lè (55 mph) ak tanperati ki pi frèt ki ka lakòz presipitasyon mik ak glas sou wout yo. Lokal yo nan Lwès New York gen pi gwo risk inondasyon, espesyalman nan zòn ki gen tandans inonde akòz anbouteyaj glas tankou wisò Buffalo ak Cattaraugus kote jiska 1.5 pous gwo lapli prevwa jiska vandredi swa. Akimilasyon nèj jiska 10 pous ansanm ak akimilasyon glas jiska 1/10" posib nan kèk kote nan North Country.

Yo te bay plizyè avètisman, alèt ak avi atravè eta a pou yon seri kondisyon ki potansyèlman danjere jiska vandredi swa. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>.

Preparasyon Ajans

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (DEC) la ankouraje responsab minisipal yo pou reyalize evalyasyon lokal pou potansyèl anbouteyaj glas touswit nan zòn ki gen tandans inonde yo epi pou retire nenpòt glas oswa debri bwa ki akimile. Pèmi ak otorizasyon DEC pa obligatwa pou retire debri amwenske retire debri yo ak/oswa itilize ekipman lou ap deranje riv oswa fon kanal kouran dlo yo. Yo konseye minisipalite ak gouvènman lokal yo pou kontakte Administratè Pèmi Rejyonal DEC yo (<https://www.dec.ny.gov/about/39381.html>) si li nesèsè pou yo bay asistans oswa pou detèmine si yon pèmi nesèsè.

Nan ka gen yon sitiyo ijans, DEC pare pou apwouve Otorizasyon pou Ijans pou apwouve pwojè byen rapid olye pou l bay pèmi endividyèl, epi jeneralman yo ka bay otorizasyon sa yo nan yon delè 24 èdtan. DEC apwouve otorizasyon ijans pou sitiyo yo konsidere kòm ijans, baze sou pwoteksyon imedyat lavi, lasante, byennèt jeneral, pwopriyete oswa resous natirèl. Yo bay otorizasyon Ijans yo pou kondisyon ideyal yo pou pwoteje anviwònman an. Gen enfòmasyon anplis ki disponib sou sitwèb DEC a isit la nan <https://www.dec.ny.gov/permits/96337.html>.

DEC kontinye travay avèk ajans patnè li yo ak lokalite yo toupatou atravè eta a pou yo reponn a inondasyon ak anbouteyaj glas yo. DEC ap deplwaye dwòn pou ede nan

evalyasyon anbouteyaj glas yo. Ekspè DEC yo ap idantifye zòn ki gen tandans gen inondasyon yo, tankou ti rivyè ak kouran dlo yo, kote nèj k ap fonn ak lapli ka lakoz inondasyon ki fè dega. DEC ap siveye previzyon nivo sous yo ak mezi inondasyon nan wiso, sous, ak rivyè yo pou evalye risk inondasyon epi reponn a inondasyon potansyèl ki ap aktive youn nan 106 Pwojè Kontwòl Inondasyon (Flood Control Projects) DEC ap jere epi opere nan tout Eta New York lan. Anplis de sa, DEC ap siveye izin tretman dlo ize nan tout Eta a, baze sou kondisyon risk epi anplwaye yo pare pou yo reponn a tout ijans inondasyon lakòz.

Pou enfòmasyon anplis sou resous pou ofisyèl lokal ak responsab ijans, vizite sitwèb DEC la nan <https://www.dec.ny.gov/lands/115140.html>.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) lan pare pou reponn a demann pou asistans avèk resous ki soti nan estòk yo, ki gen ladan:

- Plis pase 1,400 jeneratris
- Plis pase 1,000 ponp
- 17 machin pou ranpli sak sab
- Plis pase 1.5 milyon sak sab
- Baraj akwatik ki mezire plis pase 35,000 pye

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Anplwaye Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) yo an alèt epi ap travay ak patnè eta ak lokal yo pou yo reponn imedyatman a nenpòt enpak inondasyon ak gwo van yo. Anplwaye depatman an ap fè swivi aktivman zòn ki gen pwoblèm epi poze aksyon jan sa nesèsè pou atenye inondasyon. Ekip entèvansyon rapid rejyonal yo ak teknisyen limyè sikilasyon yo pral pare nan zòn ki gen chans afekte yo, tankou nan Mohawk Valley, Hudson Valley ak Long Island. Ekip Evalyasyon Domaj/Sansibilizasyon sou Sitiyasyon an nan Mohawk Valley rasanble ak pare pou entèveni. Senk eskavatè ki gen bra long sitiye yon fason estratejik nan zòn annapre yo pou ede brize anbouteyaj glas potansyèl yo:

Warrensburg, Utica, Hamburg, Malone ak Binghamton.

Yo ap raple otomobilis yo pou yo verifye 511NY anvan yo vwayaje oswa pou yo telechaje aplikasyon mobil la. Sèvis gratis la pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo epi li gen yon sistèm alèt pou depasman pandan ivè ki gen rapò an tan reyèl pou vwayaj ak yon kat avèk kòd koulè ki endike ki wout nan Eta a ki lib, mouye oswa kouvri avèk nèj. Sistèm nan ofri otomobilis yo yon resous itil pou detèmine si se yon bon lide pou deplase.

Otorite Thruway

Anplwaye Otorite Thruway yo ap aktivman enspekte sistèm drenaj yo epi siveye inondasyon potansyèl oswa anbouteyaj glas nan sistèm nou an. Otorite Thruway la genyen 681 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm inondasyon atravè eta a avèk eskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen, kamyon

chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, ansanm ak poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fènti yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a. Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv [@ThruwayTraffic](#) sou Twitter oswa vizite thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Kòporasyon Kanal New York la (New York Canal Corporation)

Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la ak Kòporasyon Kanal (Canal Corporation) la deplwaye yon remokè ki brize glas nan Kanal Erie ak Rivyè Mohawk nan Konte Schenectady pou brize kouch glas ant Ekliz E-7 (Niskayuna) ak Ekliz E-8 (Rotterdam). Mouvman remokè ki brize glas la ap kreye yon kanal ouvri pou glas la sikile desann nan lide pou ede redui enpak negatif anbouteyaj glas yo, sa ki ka gen ladan inondasyon lokalize.

Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York

Konpayi sèvis piblik New York yo ap swiv epi pare pou enpak potansyèl sityasyon meteyo ivè sa a. Apeprè 6,150 travayè sèvis piblik disponib nan tout eta a pou reponn ak ijans, reyalize evalyasyon domaj, repara enfrastrikti ak restore kliyan yo yon fwa sistèm tanpèt la te pase atravè Eta a epi li san danje pou fè sa. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi y ap asire peryòd travay sèvis piblik yo gen pèsonèl ki apwopriye ak rejyon yo prevwa ki pi afekte yo.

Lapolis Eta New York

Manm Patwouy Eta yo pral siveye kouran dlo ak rivyè yo ki gen tandans gen anbouteyaj glas ak inondasyon. Manm Patwouy yo pare pou yo deplwaye sizoka ta vin gen inondasyon.

Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye - ansanm ak dokiman foto ak videyo ki ka genyen — tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsonèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Estoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen

- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe sou lamèn yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman pou fè manje nan sitiyaasyon ijans.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Chache konnen konbyen pye pwopriyete w la mezire anlè ak anba nivo inondasyon posib yo. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyaasyon ijans.
- Tcheke kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon.

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan, pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan <https://www.dhses.ny.gov/flood-safety-tips>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)